

Pou Piblikasyon Imedya: 10/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GAYAN GRAN PRI 1 MILYON DOLA GENIUS NY LA,
KI SE PI GRAN KONPETISYON BIZNIS UAS NAN MOND LAN**

***Sentient Blue Ranpòte Gran Pri 1 Milyon Dola GENIUS NY la; Kat Lòt Finalis yo
Resevwa Envestisman 500,000 Dola kòm yon Pati nan 3 Milyon Dola yo
Atribiye a Konpayi Inovatè ki pral Fonksyone Kounye a nan Syracuse***

Yo te Envesti 15 Milyon Dola Pandan Twa Faz Konpetisyon an

***Pwogram GENIUS NY la ap Ajoute sou Pwogrè CNY Rising lan – ki se Estrateji
Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke gayan gran pri 1 milyon dola nan kad Twazyèm Faz akseleratè GENIUS NY la se Sentient Blue, ki se yon ekip ki soti nan peyi Itali. Pwogram GENIUS NY la se pi gran konpetisyon biznis nan mond lan ki konsantre sou sistèm san pilòt, platfòm kwaze yo ak lòt sektè ki akse sou teknoloji yo. EagleHawk ki soti Buffalo, Vermeer ki soti Brooklyn, Resilienx ki soti Syracuse ak Civrone ki soti Israel, yo chak te resevwa envestisman 500,000 dola. Yo te nonmen Resilienx kòm favori piblik la dapre yon sondaj an dirèk yo te fè pandan evènman an. Eta New York kounye a te envesti 15 milyon dola nan GENIUS NY pandan twa faz konpetisyon an.

"Konpetisyon GENIUS NY la ap transfòme peyizaj ekonomik New York Santral la lè nou atire pwochèn jenerasyon antreprenè inovatè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou envesti nan biznis sistèm ayeryen san pilòt la yo (Unmanned Aerial System, UAS), nou ap asire New York kontinye tabli tèt li kòm lidè nan endistri sa a k ap boujonnen an, k ap pote djòb ak kwasans ekonomik nan rejyon New York Santral la."

"Konpetisyon plan biznis yo tankou GENIUS NY ap chanje règ jwèt la toupatou atravè eta a avèk nouvo biznis inovatè ak djòb ki byen peye", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Onivo tout mond lan, y ap rekonèt New York Santral kòm yon lidè nan endistri sistèm ayeryen san pilòt la gras a sipò ak envestisman san presedan eta a yo. Mwen felisite gayan ak finalis konpetisyon ane sa a yo, epi mwen paka tann pou m wè plis ide revolisyonè k ap pèmèt teknoloji avanse sa a revitalize ak transfòme Eta New York."

Sentient Blue ap devlope santral elektrik abaz mikwo tibin a gaz ki pi efikas ak pi favorab a anviwònman an pou yo itilize nan veyikil ayeryen san pilòt yo pou ogmante andirans vòl yo.

Akseleratè biznis pandan peryòd ennan an, te rekonpanse senk ekip finalis yo ak 3 milyon dola ototal pandan aktivite Final li yo aswè a, ki gen ladan pri ak envestisman 1

milyon dola, ak kat pri 500,000 dola. Pwogram lan, ki sou administrasyon The Tech Garden ak CenterState CEO nan Syracuse, ofri tou espas enkitabè, resous pou konpayi yo, pwogram ak opòtinite ankadreman. Patisipan yo oblije opere biznis yo nan New York Santral pandan omwen yon lane. Avansman pwogram GENIUS NY lan ajoute sou pwogrè CNY Rising lan, ki se plan estratejik ki ranpòte prim nan rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an.

Pandan aktivite ke yo te òganize nan Marriott Syracuse Downtown lan, senk ekip yo te prezante plan biznis yo devan yon panèl jij ak yon odyans an dirèk. Apre prezantasyon yo, toulè senk konpetitè yo te resevwa youn nan senk pri investisman yo. An plis, ekip yo pral itilize investisman sa yo pou kontinye akselere kwasans yo epi elaji prezans yo nan rejyon an.

Saif Akanni, ki se Direktè Egzekitif Jeneral ak Direktè Teknoloji Sentient Blue a te deklare, "Se yon lonè pou nou nan Sentient Blue paske yo te chwazi nou kòm gayan GENIUS NY 2019 la. Nou ta renmen remèsye tout moun nan GENIUS NY paske yo pataje vizyon nou genyen pou revitalize endistri dwòn lan ak teknoloji ibrid nou an. Nou kontan anpil pou nou fè pati ekosistèm GENIUS NY la. Pri sa a se yon vrè etap enpòtan pou Sentient Blue; li pral pèmèt nou tabli konpayi a nan New York Santral epi akselere kwasans ak devlopman nou".

Prezidan Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la Howard Zemsky te deklare, "Konpetisyon akseleratè biznis GENIUS NY la kontinye devlope Endistri Sistèm Ayeryen San Pilòt la nan New York Santral, sa k ap pote plis ide antreprenaryal ak inovatè vin nan rejyon an epi atire meyè konpayi ki rekonèt resous ak enfrastruktir UAS san parèy ki gen nan rejyon an".

Rob Simpson, ki se Prezidan CenterState CEO te deklare, "Pwogram GENIUS NY la fyè pou nou fè investisman enpòtan sa a nan konpayi UAS ki gen anpil potansyèl sa yo. Nan mwa k ap vini la yo, nou pral ofri menm plis sipò devlopman biznis ak pwogramasyon akselerasyon sible pou konpayi sa yo ka plis rantabilize investisman sa yo epi fè vanse teknoloji ak platfòm yo. Tank ekip sa yo ap devlope ak pwospere se tank pozisyon rejyon nou an kòm yon sant global pou endistri UAS la ap jwi menm pwogrè a tou".

Rick Clonan, ki se Vis Prezidan Inovasyon ak Antreprenarya nan CenterState CEO te deklare, "Sware Final yo, ak 3 milyon dola ke yo te rekonpanse senk ekip yo, make kòmansman dezyèm faz pwogram GENIUS NY la. Demen ekip nou yo pral retounen nan travay, y ap itilize konsèy ke yo te resevwa nan men jij yo epi rafine plan biznis yo pou yo kapab akselere kwasans yo. Nou atann a plizyè mwa ankò kote nou ap ede ekip sa yo tabli anpil lyen. Menm jan nou te aprann nan de premye faz pwogram lan yo, mwa ki ap vini yo pral pwodiktif nan fason enkwayab pou ekip sa yo, epi nou paka tann pou nou wè pwogrè enkwayab yo a".

An plis de konpetisyon GENIUS NY lan, Eta New York konsantre sou fè investisman majè nan endistri sistèm ayeryen ki otonòm yo nan New York Santral. An 2016, Empire State Development te envesti 30 milyon dola pou devlope yon koridò tès dwòn ki mezire 80 kilomèt ant Syracuse ak Rome sou fòm yon Sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta (Upstate Revitalization Initiative, URI) CNY Rising lan. Nan fen ane sa a,

yo pral fin konplete premye 80 kilomèt Koridò Jesyon Sikilasyon San Pilòt (Unmanned Traffic Management Corridor) ki gen nan mond lan epi yo pral vanse pwogrè enpòtan an vè etablisman fòmèl NUSTAR la, sa k ap kreye etablisman tèl UAS ki pi global nan nasyon an.

Kolonèl Anthony Basile, ki se visprezidan operasyon NUAIR Alliance lan; Somak Chattopadhyay, Asosye Direktè Armory Square Ventures; Jim Fayle, direktè rejyonal pou Empire State Development Corporation; Craig Marcinkowski, visprezidan estrateji ak developman antrepriz nan SRC; Noa Simons, direktè egzekitif Upstate Capital Association of NY; David Montanaro, prezidan ak fondatè Strategic Advisory Associates; ak Marc Viggiano, ansyen direktè biznis Traffic Management Saab ak fondatè Niteopark, te fè pati panèl ki te jije plan biznis ak prezantasyon ekip GENIUS NY la yo.

Senatè Rachel May te di, "Mwen aplodi tout gayan ak patisipan konpetisyon GENIUS NY la yo epi mwen paka tann pou investisman yo pral fè nan rejyon ak nan ekonomi nou an. Enèji ak inovasyon yo reprezante a enpòtan anpil pou kontinye konstwi yon ekonomi ki aske sou espri dantrepriz nan New York Santral. Lè nou finanse enkibatè biznis ak nouri pi meyè talan nan rejyon nou an, nou ap konstwi yon platfòm kote ekonomi lokal nou an ka pwospere epi nou ap kenbe talan nou bezwen pou n rann rejyon nou an pi solid".

Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare, "Pwogram GENIUS NY la se yon apwòch efikas ak inovatè pou sekirize investisman New York Santral ap kontinye fè nan Sistèm Ayeryen San Pilòt yo. Investisman nan avansman teknoloji UAS ak konpayi pyonyè sa yo se yon mouvman pwoaktiv k ap fèt nan rejyon New York Santral la pou kontinye kreye lyen nesèsè gras a etablisman Endistri Sistèm Ayeryen San Pilòt la".

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare, "Li enkwayabman pwometè pou nou wè travay inovatè ke yo ap fè nan nouvo endistri UAS la isit la nan sant vil Syracuse. Nou fyè dèske konpayi sa yo te plante rasin yo nan New York Santral, epi paske yo ap kontinye jwe yon wòl enpòtan nan avansman endistri UAS nan rejyon nou an ak siskè ekonomik nou an jeneral".

Majistra Vil Syracuse lan Ben Walsh te deklare, "Senk ekip k ap patisipe nan faz sa a nan kad pwogram GENIUS NY la reprezante yon opòtinite pwometè pou kwasans endistri sistèm san pilòt nou an ap kontinye jwi a epi nou fyè pou nou selebre ak sipòte yo. Investisman yo resevwa aswè a yo enpòtan pandan y ap vanse teknoloji yo pi kreye djòb nan kominote nou an. Nou paka tann pou nou wè pwogrè yo ap fè pandan ane k ap vini an epi nou pran angajman pou nou kontinye ofri yo sipò ak koneksyon".

Randy Wolken, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Fabrikan New York Santral la (Manufacturers Association of Central New York, MACNY), ak Deborah Stanley, ki se Prezidan State University of New York at Oswego, epi de kopye Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral la yo (Central New York Regional Economic Development Council, CNYREDC) te deklare, "Sipòte endistri UAS ki an devlopman an se yon eleman santral nan kad plan CNY Rising yo konsevwa onivo rejyonal la. Atravè sipò nou kontinye ap bay konpetisyon

GENIUS NY la, nou pral asire ke New York rete alatèt endistri inovatè sa a, k ap kreye nouvel opòtinite ak djòb pou rezidan nan rejyon an yo pou anpil deseni k ap vini ankò".

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou GENIUS NY, klike [la a](#).

Akselere CNY Rising

Anons jodi a ap konplèman "CNY Rising", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta a deja investi pase 4.7 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere CNY Rising ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta ap fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvel disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)